



Pou Piblikasyon Imedya: 14/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON KI DEZINYE JUNETEENTH KÒM YON KONJE PIBLIK OFISYÈL NAN ETA NEW YORK

Lejislasyon an selebre Juneteenth - Yon jou ki komemore libète ak reyalizasyon nwa ak afriken ameriken yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a pou vini yon lwa lejislasyon (S.8598/A.10628) ki dezinye Juneteenth kòm yon konje piblik ofisyèl nan Eta New York. Nouvo lwa a selebre Juneteenth, yon jou ki komemore lafen esklavaj epi ki selebre libète ak reyalizasyon nwa ak afriken ameriken yo, pandan li ap ankouraje devlopman pèsònèl ak respè kontini pou tout kilti yo. Pi bonè ane sa a, Gouvènè Cuomo te pibliye yon Dekrè Egzekitif ki te rekonèt Juneteenth kòm yon konje pou tout anplwaye Eta New York.

"Mwen fyè anpil pou siyen pou vini yon lwa lejislasyon sa a ki deklare Juneteenth yon konje ofisyèl nan Eta New York, yon jou ki komemore lafen esklavaj nan Etazini", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo konje piblik sa a pral sèvi kòm yon jou pou rekonèt reyalizasyon kominote nwa a, pandan li ap bay tou yon opòtinite enpòtan pou refleksyon pèsònèl sou enjistis sistemik yo ke sosyete nou an toujou ap fè fas jodi a."

Senatè Kevin Parker te deklare, "Finalman, nou ap kòmanse rekonèt opresyon ak enjistis istorik ke afriken ameriken yo te sibi. Konje sa a se yon premye pa nan rekonsilyasyon ak gerizon ke gran Eta nou an bezwen dekwa pou li asire ekite pou tout moun. Mèsi Gouvènè pou sipò ak pwomosyon ou".

Manm Asanble Alicia Hyndman, te deklare, "Juneteenth sèvi kòm yon moso iswa sou wout liberasyon nwa yo nan peyi sa a. Mwen kontan pou mwen sèvi ansanm avèk kòlèg mwen yo nan gouvènman ak Gouvènè Cuomo, kòm yon efò pou asire ke yo pral kontinye rakonte pati enpòtan sa yo nan istwa nwa ameriken yo nan gran Eta nou New York nou an".

Juneteenth komemore 19 jen 1865, lè nouvèl liberasyon an te rive nan Texas plis pase de ane apre Pwoklamasyon Emansipasyon Prezidan Abraham Lincoln lan te antre anvigè nan dat 1ye janvyè 1863. Afriken ameriken nan tout Eta a te konsyan sou dwa yo pou libète nan jou sa a lè Majò Jeneral Gordon Granger te rive nan Galveston avèk twoup federal yo pou fè lekti Odonans Jeneral No. 3 ki anonse fen Lagè Sivil epi ke tout esklav te lib kounye a, epitou pou kenbe yon prezans nan Texas pou ranfòse emansipasyon an pami mèt esklav yo nan tout eta a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)